



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA AK SOMOS COMMUNITY CARE POU
VAKSINEN NOUYÒKÈ KI DEFAVORIZE YO KONT COVID-19 NAN KABINÈ
MEDIKAL KOMINOTÈ YO**

*Eta New York bay klinik doktè nan rezo sante SOMOS la vaksen COVID-19
prensipalman a sa ki sitiye nan kominote moun koulè ki gen ti revni yo; Pwogram
nan pral kòmanse nan semèn k ap vini yo*

*75 kabinè medikal nan Bronx, Brooklyn, Manhattan ak Queens ap vaksinen
Nouyòkè — K ap ogmante jiska 100 kabinè jan apwovizyonman an pèmèt*

*Apiye efò kontini Gouvènè a pou diminye baryè aksè nan vaksen an epi konbat
ezitasyon pa rapò ak vaksen an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon patenarya ak SOMOS Community Care pou bay vaksen COVID-19 dirèkteman pou doktè premye swen ki akredite nan rezo sante SOMOS la k ap vaksinen Nouyòkè ki defavorize yo. Pwogram nan ap kouvri 75 kabinè nan Bronx, Brooklyn, Manhattan ak Queens, epi l ap ogmante jiska 100 kabinè jan apwovizyonman an pèmèt. Pwogram nan ap lanse nan semèn k ap vini yo epi Nouyòkè yo ap kapab fè randevou dirèkteman atravè SOMOS.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a ak SOMOS ap patwone yon sit vaksinasyon tanporè nan New Settlement Community Center nan Bronx, ki te akeyi anons lan jodi a. Sit sa ap fonksyone semèn sa k ap vini an pou vaksinen Nouyòkè nan kominote nan vwazinaj la.

"Vaksen an se zam k ap genyen lagè kont COVID la — e n ap itilize chak zouti ki disponib pou devlope rezo distribisyon vas nou an epi bay plis piki nan bra yo, kèlkeswa kote Nouyòkè yo abite oswa ki resous swen sante yo gen aksè nan li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "SOMOS te ede ouvri chemen distribisyon vaksen nan Empire State la — soti Yankee Stadium rive nan ti sit kominotè tanporè yo — e nouvo patenarya sa ap pèmèt Nouyòkè nan kominote ki defavorize yo jwenn vaksen an nan men pwofesyonèl swen sante kominotè ke yo fè konfyans. Ansanm, n ap kraze baryè pou jwenn aksè a, pandan n ap konbat ezitasyon pa rapò ak vaksen an — pou bay plis pase 100,000 vaksen pa mwa nan bra Nouyòkè ki pi vilnerab yo."

Prezidan Egzekitif SOMOS Community Care, Dr. Ramon Tallaj, te deklare,

"Pandan COVID-19 la kontinye ap pwopaje atravè Eta New York, distribye vaksen an

nan fason ki egal epi san patipri se yon pati enpòtan pou fè sosyete nou an retounen gen lasante. SOMOS angaje nan sèvi moun nan kominote moun koulè ki gen revni ki ba yo, e patenarya sa ap itilize rezo pwofesyonèl swen sante moun fè konfyans pou vaksinen Nouyòkè ki defavorize yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò san pran souf li pou asire ke vaksen an distribye nan fason ki egal nan Vil New York ak nan tout eta a, e mwen enpasyan pou fè patenarya ak administrasyon li a sou inisyativ sa."

Vis Prezidan SOMOS Etazini, Henry R Muñoz, te deklare, "Rekiperasyon apre COVID-19 vle di asire ke vaksen an ka rive nan tout kominote, pa sèlman nan kominote ki gen aksè ak enstitisyon swen sante tradisyonèl yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, Eta New York te priyore distribisyon ki egal vaksen an, e SOMOS kontan pou fè patenarya ak administrasyon li an pou itilize doktè moun fè konfyans pou vaksinen kominote moun koulè ki gen revni ki fèb yo atravè Vil New York. Inegalite viris sa ekspoze yo te egziste lontan anvan pandemi an te kòmanse, e mwen remèsye Gouvènè a paske li travay pou rektifye yo atravè inisyativ sa."

Enfòmasyon sou nouvo sit vaksinasyon tanporè nan New Settlement Community Center a anba a:

New Settlement Community Center

1501 Jerome Ave

Bronx, NY 10452

Ouvri: Samdi 27 mas ak dimanch 28 mas, 9AM - 5PM

Patenarya Eta New York ak SOMOS — yon rezo plis pase 2,500 doktè ki konsantre nan kominote moun koulè ki gen revni ki ba yo — apiye efò eta a pou pote vaksen an nan kominote ki defavorize yo epi konbat ezitasyon pa rapò ak vaksen an. Depi 15 janvyè, eta a te deplwaye plis pase 160 sit kominotè tanporè, ki te administre plis pase 62,500 premye dòz vaksen kont COVID-19 la.

Nan dat 25 mas, Gouvènè Cuomo te anonse [14 sit vaksinasyon kominotè tanporè ap vini anliy](#) pandan semèn pwochèn lan nan legliz, sant kominotè ak biznis lokal yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,200 moun pandan tout semèn lan. Nan dat 17 mas, Gouvènè Cuomo te anonse gen randevou ki disponib nan [dis nouvo sit vaksinasyon an mas eta a jere](#) atravè eta a.

Gouvènè a te ankouraje oparavan lidè relijye nan tout kategori relijye yo pou yo fè patenarya avèk Eta a pou etabli sit vaksinasyon tanporè nan etablisman yo a, epi depi 8 mas, plis pase 200 nouvo tanp adorasyon te enskri pou sèvi kominote yo a. Tanp adorasyon yo nan tout kategori relijye yo elijib pou sèvi kòm pwen distribisyon pou vaksen COVID la. Founisè medikal ak tanp adorasyon ki enterese yo kapab enskri [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)